

Deklarasyon Dwa Pasyan

Lè ou se yon pasyan ki nan yon lopital Eta New York, ou gen dwa, ki annamoni avèk lalwa, pou:

- (1) Konprann dwa sa yo, epi sevi avek yo. Si pou nenpot rezon ou pa konprann, oswa si ou bezwen èd, lopital la DWE ba ou asistans, tankou yon entèpret.
- (2) Resevwa tretman san diskriminasyon poutèt ras, koule, reliyon, sèks, peyi kote w soti, enfimite, oryantasyon seksyèl, sous peman oubyen laj.
- (3) Resevwa swen avèk konsiderasyon ak respè nan yon anviwònnman ki pwop ak pwoteje san okenn restriksyon ki pa nesese.
- (4) Resevwa swen dijans si w bezwen sa.
- (5) Jwenn enfòmasyon sou non ak pòs travay doktè k ap responsab pou ba ou swen sante nan lopital la.
- (6) Konnen non, pòs travay ak fonksyon nenpot anplwaye lopital la ki patisipe nan ba ou swen, epi refize resevwa tretman anplwaye sa yo, egzamen yo oswa obsevasyon yo.
- (7) Idantifye yon moun pou pran swen w ki pou patisipe nan planifikasyon egzeyat ou epi ki pou bay enfòmasyon sou swen sante ou oswa sou enstriksyon yo apre egzeyat ou.
- (8) Resevwa tout enfòmasyon ou bezwen sou dyagnostik, tretman ak pwonostik sou sante w.
- (9) Resevwa tout enfòmasyon ou bezwen anvan ou bay yon konsantman eklere pou nenpot pwosedi oswa nenpot tretman yo pwopoze fe. Enfòmasyon sa yo dwe gen ladan risk ak avantaj posib pwosedi a oswa tretman an.
- (10) Resevwa tout enfòmasyon ou bezwen anvan ou bay yon konsantman eklere pou lòd pou yo pa fe reyanimasyon pou ou. Ou gen dwa tou pou chwazi yon moun pou bay konsantman sa a pou ou si ou two malad pou fe sa. Si ou ta renmen jwenn lòt enfòmasyon, tanpri mande yon kopi tiliy ki rele "Deciding About Health Care --- A Guide for Patients and Families" (Desizyon Konsènan Swen Sante — Yon Gid pou Pasyan yo ak Fanmi yo).
- (11) Refize tretman epi pou yo di w ki efè sa ka gen sou sante w.
- (12) Retize patisipe nan rechech. Nan deside si pou patisipe oswa pou pa patisipe, ou gen dwa pou jwenn yoh eksplikasyon an detay.
- (13) Yo respekte entimite w pandan ou nan lopital la, ak konfidansyalite tout enfòmasyon ak dosye konsènan swen sante w.
- (14) Patisipe nan tout desizyon k ap pran sou tretman ak egzeyat ou nan lopital la. Lopital la dwe ba ou yon plan egzeyat alekri ak deskripsiyon alekri ak yon deskripsiyon alekri sou fason ou kapab konteste egzeyat ou.
- (15) Gade dosye medikal ou san ou pa bezwen peye. Jwenn yon kopi dosye medikal ou kote lopital la kapab fe ou peye yon frè ki rezónab. Ou pa kapab jwenn refi pou yon kopi selman paske ou kapab peye li.
- (16) Resevwa yon bòdwo detaye, ak eksplikasyon tout frè yo mande w peye yo.
- (17) Wè yon lis frè nòmal lopital la reklame pou atik ak sèvis ak plan sante kote lopital la se yon patnè.
- (18) Ou gen dwa pou konteste bòdwo ou pa t espere nan pwosesis Rezolisyon Konfli Endepandan.
- (19) Pote plent, san w pa pè reprezay pou swen ak sèvis w ap resevwa yo, epi fe lopital la reponn ou, e pou lopital la ba ou yon repsons alekri si w mande sa. Si ou pa satisfie avek repsons lopital la, ou kapab pote plent nan New York State Department of Health. Lopital la dwe ba ou himewo telefòn Depatman Sante a.
- (20) Otorize manm fanmi w ak lòt adilt ki pral resevwa priyorite pou vizit, selon kapasite w pou resevwa vizité.
- (21) Fe konnen volonte w sou kesyon don ògàn. Moun ki gen sèzan oswa plis ka dokimante konsantman yo bay pou fe don ògan yo., jye, tisi, le yo mouri nan enskri nan NYS Donate Life Registry oswa kapab dokimante konsantman yo pou fe don ògan ak/oswa tisi yo alekri nan plizye fason(pa egzanp yon prokirasyon swen sante, testaman, kat donate, oswa kek lòt papye siyen). Prokirasyon swen sante yo disponib nan lopital la.